# KELBETLIKLERDI OQÍTÍW USÍLLARÍ

***Paxratdinova R. A.***
*Aziya xalıqaralıq universiteti, Oqıtıw hám tárbiya teoriyası*
*hám metodikası (baslawısh tálim) metodikası baǵdarı 1-kurs magistrantı*

**Tayanch sozlar:** leksika – grammatik, qoraqalpoq tili, tekst, morfologiya, sintaksis, til, metodika, sinf.

**Ключевые слова:** лексика - грамматика, каракалпакский язык, текст, морфология, синтаксис, язык, методика, класс.

**Key words:** vocabulary - grammar, Karakalpak language, text, morphology, syntax, language, methodology, class.

Oqıwshılarǵa sanalı bilim hám tárbiya beriw hár bir muǵallimniń aldına qoyǵan wazıypa. Bul ushın muǵallimnen júda úlken sheberlik talap etedi. Qaraqalpaq tili páni boyınsha hár bir tarawdıń har bir temanı qalayınsha ótiliw tártibin muǵallim hár qıylı etip ámelge asırıwı múmkin. Mısalı, morfologiya tarawı boyınsha sabaq ótiwdiń de ózine tán ózgesheligi bar. Oqıwshılarǵa morfologiya tuwralı teoriyalıq maǵliwmat há ámeliy kónlikpe beriwde dáslep sózdiń jasalıwı menen ózgeriwi haqqında bilim beriledi de, onnan soń sóz shaqapları turaqlı úyreniledi. Bunda sóz shaqapların óz aldına ayırim – ayırım há bir klassta uyreniwden burın dáslep sóz shaqapları tuwralı oqıwshılarǵa túsinik beriledi. Bul ushın mektep baǵdarlamasında belgili dárejede saat ajıratılǵan. Oqıwshılardıń sóz shaqapların, onıń leksika – grammatikalıq ózgesheliklerin durıs hám ańsat túsinip alıwına erisiwiz ushın sózlerdi sóz shaqaplarına durıs klassifikaciyalap alıwımız kerek. Yaǵnıy sózlerdiń ne ushın sóz shaqaplarına bólinetuǵınlıǵın, bóliniw sebeplerin hár bir sóz shaqabına tán leksikalıq, morfologiyalıq hám sintaksislik ayırmashılıqlardı mısallar járdeminde zárúrli bolǵan metodikalıq usıllardı qollana otırıp túsindiriw kerek boladı. Álbette, sóz shaqapları tuwralı túsinik bergende mısallar járdeminde túsindiremiz de, onı tómendegidey ámeliy jumıslar tiykarında oqıwshılardıń tolıq hám hár tárepleme ózlestire alıwına erisiwge boladı.

Oqıwshılarǵa berilgen gápler menen tekstlerdegi sózlerdiń qaysı sóz shaqabı ekenin anıqlatıw hár bir sóz shaqabına tán grammatikalıq kategoriyalardı mısallar

járdeminde ayttırıw, sabaqlıqta berilgen shınıǵwlar tiykarında hár túrli jazba jumıslardı izlestiriw zárúr.

Kelbetlik sózlerdi tereń úyreniw hám onı sanalı ózlestiriw arqalı oqıwshılardıń awızsha hám jazba til baylıgı rawajlanadı, óz pikirin basqalarǵa anıq jetkeriwde sheshiwshi áhmietke ie. Oqıwshılarda kelbetlik sózler haqqında baǵdarlama talabına ılayıq bilim payda etiw ushın tómendegi wazıypalardı; iske asırıw kerek:

1. Tematikalıq joba dúzgende kelbetlik ushın ajıratılǵan saatlardı temalar boyınsha durıs bólistire biliw hám onda qollanılatugın tiyisli metodikalıq usıllar menen metodlardı anıqlap alıw.

2. Oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan belsendiligin hám qızıgıwshılıǵın boldırıw.

3. Kelbetlik sózlerdi leksika, fonetika tarawları hám basqa sóz shaqaplari menen baylanıslı ótiwdi júzege asırıw.

4. Oqıwshılardıń sabaqlıq boyınsha hám kórkem ádebiyat tiykarında berilgen tekstler ústinde islew uqıplın qáliplestiriw.

5. Oqıwshılardıń kelbetlik sózlerdi tekst ishinen tańlap alıwına,onıń atlıq hám ráwishlerden ayırmash'ılıǵın bilip alıwına erisiw.

Álbette, bul talap hám wazıypalardı sabaqtıń barısında iske asırıwda muǵallim birinshiden , kóbinese oqıwshılarǵa óz betinshe dóretishilik jumıslardı turaqlı túrde isletip barıwı shárt. Onda kóp noqattıń ornına zattıń belgisin bildiretuǵın sózlerdi taptırıp, oǵan sorawlar qoydırıw, berilgen tekst yáki gáplerdegi kelbetlik sózlerdi taptırıp, olardıń qaysı sóz shaqabı menen baylanısıp turǵanın anıqlattırıw, yáki dáslep qanday? Qaysı? sorawına juwap beretugın sózlerdi taptırıw hám onıń mánilerin ayttırıw, onıń qaysı sózdiń belgisin, ya túrin, ya kólemin, yaki salmagın bildirip turǵanın anıqlatıw hám gáp ishinde keltirip jazdırıw kerek boladı.

Házirgi dáwir talabına muwapıq jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıp sabaq ótiw búgingi kúnniń talabı.

Kelbetlik – degenimiz túrdi, tústi, hár qıylı kólemge baylanıslı belgilerdi bildiredi. Morfologiyalıq sıpatı jaǵınan kelbetlik kóbinese atlıq sózlerdi anıqlap keledi. [1.75] Sonday-aq kelbetliklerdiń kórkem shıǵarmalarda, sonıń ishinde talantlı shayır I.Yusupotıń poeziysında qollanılıw ózgeshelikleri haqqında ilimpaz B.Yusupova bılay deydi: «Klebetliklerdi shayır óziniń sheberlik ustaxansında saralap, elekten ótkerip, poeziyasınıń tiykarǵı ózgesheligi –obrazlılıq jaratıw ushın paydalanadı» [4.132].

Kelbetlik haqqında oqıwshılarǵa ulıwma túsinik bergende oqıwshılardıń qatnası menen dáslep taqtada bir neshe mısallar islep (pinbord usili), soń slaydlar arqalı bir neshe gápler beriledi hám olardan kelbetliklerdi taptiriw kerek. Sonday-aq, oqıwshılarǵa shınıgıwlar isletkende hár bir oqıwshınıń ózine jeke tarqatpa materiallar berip jeke islesiwge boladı.

Kelbetlik haqqında ulıwma túsinik sabaqta kelbetliktiń jasalıwı, yaǵnıy tiykar hám dórendi kelbetlikler, keyingi sabaqlarda omonim hám antonim kelbetlikler hám kelbetliklerdiń dárejeleri aytiladı.Qospa kelbetlikler hám olardıń túrleri, kelbetliklerdiń atlıqtıń ornına qollanılıwı keyingi sabaqta ótiledi. Álbette, bul metodikalıq usıllardıń anaw yaki mınaw túri sabaqta ótiletuǵın temanıń hám ondaǵi islenetuǵin ámeliy jumıs túrleriniń mazmunı menen kólemine qaray tańlanıp qollanıladı.

Kelbetliklerdi úyreniwde induktiv, deduktiv metodı úlken áhmietke iye. Ásirese, kelbetliklerdiń jasalıwı menen onın dárejelerin túsindiriwde hám onı bekkemlew sabaqlarında induktiv, deduktiv usıllarınan paydalanıw oqıwshılardıń ótilgen materialdı tereń ózlestiriwiniń birden bir jolı. Máselen, berilgen kelbetlik sózlerdi túbir hám qosımtaga ayırıw onıń dárejelerin tallap kórsetiwge tallaw usılin qollanıwımız kerek. Al, berilgen sózlerge tiyisli qosımtalar qosıp, kelbetlik yaki kelbetliktiń dárejelerin jasawda induktiv usılı paydalı bolıp tabıladı. Kelbetlikke tán ózgeshelik belgilerdi hám onıń basqa sóz shaqaplarınan ayırmashılıqların oqıwshılarǵa túsindiriwde gúrriń usılınan paydalanıw úlken áhmiyetke iye.

Bizdi qorshaǵan zatlardıń túr-túsi sapası , onıń kólemi mudamı bir túrli sınlıq qásietke iye bola bermeydi, olar hár turli dárejede bolıp keledi.

Zatlardıń bunday qásietleri kelbetliktiń dárejeleri arqalı anıqlanadı. Zatlardıń hár qiylı qásietlerin kórsetiw ushın sol zatlardın bar bolsa ózin yamasa reńin, kólemin kórsetetugın kórsetpe qurallar islep, sonıń járdeminde kelbetliktin dárejelerin hám onin jasalıw usılların túsindirgen maqul. Sebebi oqıwshılar sol zatlardı kóz benen kóriw arqalı olardı bir-biri menen salıstıradı bir-birinen ózgesheligin ayırıp tanıytuǵın boladı.

Muǵallim kelbetliktiń dárejelerin túsindirgende hár bir dárejeniń ózine tán mánilik jaqtan ózgesheligin hám jasalıw jolların kórsetpeli qurallar járdeminde, sonday-aq hár túrli mısallar arqalı túsindiriwi lazım.Oqıwshılardıń belsendiligin hám qızıǵıwshılıǵın arttırıw ushın onnan aldıńǵı sabaqta hár bir oqıwshıǵa jurnal yaki kitap betlerindegi hár qıylı reńli súwretler tawıp keliwge tapsırma beriledi. Oqıwshılardıń ózleri alıp kelgen súwretleri menen awızsha gúrriń ótkeriledi.Gáp ishinde zattıń belgilerin bildiretugin zatlardın túr-túsin, salmaǵın , sapasın hám muǵdar - dárejesin bildiretugin sózlerdi gáp ishinde keltirip gáp quratıw kerek. Misalı: Súwrette awıl kórinisi. Tábiyat atız kórinisi. Jazǵi dem alısta balalar atızda qawın, pomidor, qiyar, garbız jáne basqa da paliz eginlerin jıynap jur. Miywe atlari da palız eginleriniń atları da atlıq sózler boladi.Sol zatlardıń túr-túsin, sapasın, kólemin belgisin bildirip qanday? degen sorawga juwap beretugın sózlerdi tawıp jazıwı kerek.

Úlken qawın awır qawin,sarı qawın/ eń mazalı qawın. h.t.b.

Kelbetlik sózler tilimizde jiyi qollanılatuǵin sóz shaqabı bolıp, ol zattıń sının, sıpatın, qásietin, kólemin, túr - túsin bildirip keledi.

Kelbetlik sózler menen oqıwshıar baslawısh klastan-aq tanıs. Olar boyınsha ámeliy jumıslar arqalı zattıń túr-túsi, belgisi degennen olar zattıń túrin bildiretuǵın qızıl, aq, kók, qara usaǵan sózlerdi kóbirek esinde saqlaydı. Bunnan basqa zatlardıń dámi (mazalı, ashshı), zattıń kólemin (uzın, qısqa, dóńgelek), waqıt belgisin (mekteptegi, aspandaǵı, úydegi), ólshemge baylanıslı (awır, jeńil) adamnıń jası, minez – qúlqına baylanıslı (jas, ǵarrı, kishipeyil, urısqaq), zattıń sapasına baylanıslı (jaqsı, jaman, sulıw) h.t.b kelbetliklerdi jaqsı ajırata almaydı. Kelbetliktiń qanday? qaysı? sorawlarına juwap beretuǵınlıǵın belgi menen, kelbetliktiń leksikalıq, gramatikalıq belgileri oqıwshınıń qıyın. Sonlıqtan muǵallim oqıwshılardıń kelbetlikti mánilik ózgesheligin bılıwine itibar beriwi kerek. Bunda muǵallim kelbetlikti atlıq sózler menen baylanıstırıp úyretiwi talap etiledi.

Kelbetlikti oqıtıwda muǵallim tómendegilerge itibar beriwi talap etiledi. Muǵallim birinshiden, kóbinese oqıwshılarǵa óz betinshe dóretiwshilik jumıslardı turaqlı túrde isletip barıwı shárt. Onda kóp noqatlardıń ornına zattıń belgisin bildiretuǵın sózlerdi taptırıp, oǵan sorawlar qoydırıw, berilgen tekst yaki gáplerden kelbetlik sózlerdi taptırıp, olardıń qaysı sóz shaqabı menen baylanısıp turǵanın anıqlattırıw, yáki dálep qanday? qaysi? Sorawlarına juwap beretuǵın sózlerdi taptırıw hám oniń mánilerin ayttırıw, onıń qaysı sózdin belgisin, ya formasın, yaki kólemin, yaki salmaǵın bildirip turǵanın anıqlattırıw kerek.

Berilgen kelbetlik sózlerge tiyisli atlıq sózlerdi tawıp qoydırtıw, yaki olardı gáp ishinde keltirip jazdırıw, yaki óz yadlarınan kelbetlik sózler taptırıp, mánilerin awizsha ayttırıw, berilgen kelbetlik sózlerdiń sinonimlerin yaki onıń antonimlerin taptırıw hám mánilerin ayttırıw, berilgen sózlerge tiyisli qosımtalar qosıp kelbetlikler jasaw, tekst yaki gáplerden dórendi kelbetliklerdi tawıp, onı túbir hám qosımtaǵa ayırıw hám onıń qaysı sóz shaqabınan jasalǵanın anıqlattırıw, berilgen sorawlarǵa awızsha yaki jazba túrde juwap beriw, tekst yaki úzindi tiykarında qısqa yaki tolıq bayan jazdırıw, teksttegi kelbetliklerdiń dárejelerin tabıw, kelbetlik sózlerge tiyisli qosımtalar qosıw arqalı kelbetliktiń dárejelerin jasaw, dóretiwshilik sózlik diktant jazdırıw, gáplerdegi qollanılǵan kelbetlik sózlerdiń sintaksislik xızmetin anıqlaw hám t.b usı usaǵan ámeliy jumıslardı izbe-iz isletip berıwımız tiyis. Kelbetlik haqqında oqıwshılarǵa ulıwma túsinik bergende oqıwshılardıń qatnası menen dáslep taxtada birneshe mısallar islep, onnan keyin sabaqlıqtan kelbetlikke arnalǵan bir shınıǵıwdı oqıwshılarǵa óz betinshe isletiw kerek. Shınıǵıwdaǵı kelbetlik sózlerdi oqıwshılarǵa taptırǵannan keyin, muǵallim úyde tayarlap kelgen kórsetpe quraldı taxtaǵa ildiriw tiyis. Onda

sarı boyaw, qızıl qálem, kók kóylek, mazalı qawın, dushshı suw, ulken jay, uzın terek, jaqsı kiyim, jaman jay zattıń túrin – túsin, sapasın, qásietin, belgisin, dámin hám t.b sırtqı shiyki formaların korsetetuǵın sózler jazılǵan boladı. Oqıwshılarǵa bul sózlerdi oqıttırıp, oǵan baylanıslı tiyisli zatlardı kórsetip, olardıń belgileri menen baylanıstırıp túsindiriw zárur. Oqıwshılarǵa joqarıdaǵı sózlerdiń zattın qanday belgilerin bildirip turgánın anıqlatqannan keyin kelbetliktiń aniqlaması, kelbetliktiń zatlardıń túr - túsin, yaki sapasın hám t.b qásietlerin bildirip kelgenligin oqıwshılarǵa hár tárepleme túsindiriw ushın hár turli metodikalıq uaıllardan paydalanıw kerek. Máselen: Bir ǵana kelbetlik sózdiń ózi birneshe zatlardiń kelbetin kor’setip kelse, al geyde bir zattıń hár turli sınlıq belgilerin kórsetip kele beredi. Buni tómendegidey tablica járdeminde túsindirse boladı.




Muǵallim oqıwshılarǵa kelbetliklerdiń gápte atlıq sózler menen baylanısıp keliwin hám gáptegi mánilerin tusindiriwde tiykarınan induktiv, deduktiv, kórsetpelilik hám soraw-juwap usılinnan keń paydalanıwı kerek. Al, kelbetlik sózlerdiń zatlardıń túr - túsin, yaki kólemin, yaki salmaǵin yamasa sapasın bildirip kelgenligin bildiriwde olardı bir-biri menen salıstiriw arqalı túsindirilse, oqıwshılar olardıń ózgesheligin qiyınshılıqsız uǵıp aladi. Mısalı: Úy sózin alıp, onıń sınlıq belgilerin tómendegishe kórsetse boladı.




Kelbetlik sózlerdi bir-birine salıstırıw arqalı kelbetliklerdiń zatlardıń hár túrli sınlıq belgilerin bildirip keletuǵınlıǵın, yaǵnıy aq, qızıl, sarı, kók, qońır t.b kelbetliklerdiń zatlardiń túrin: awır, jeńil sozlerdiń zatlardıń salmaǵın: kishi, ulken, qısqa, biyik kelbetlikleri zatlardıń kólemin: jaqsı, jaman, jumsaq, qattı kelbetlikler zattıń sapasın bildiretuǵın tereń ózlestirip alıw múmkinshiligi tuwadı. Oqıwshılar usınday túsinikke ie bolǵannan keyin ǵana: zatlardıń túr – túsin qanday kelbetlik sózler bildiredi? Zatlardıń kólemin ne? zatlardıń

sapasın qanday sózler bildiredi? Yamasa awır, jeńil sózleri zatlardıń qanday belgisin bildirip keledi? degen sorawlar berilip, oǵan tiyisli juwap alınsa boladı.

Bul jerde dıqqat etetuǵın bir nárse, oqıwshılardıń sorawlarǵa juwap beriwde, ondaǵı keltirilgen kelbetliklerdi atlıq sózler menen qosa alıp mısal keltiriw lazım.

Oqıwshılardıń sózlik baylıǵın asırıwda kelbetlik sóz shaqabınıń imkaniyatları sheksiz. Aldınnan málim bolǵan reń – tús, maza – dám, adam, nárse buyımnıń belgileri, túri, kólemi, ólshew bildiriwshi sózler, olardıń qanday? qaysı? sorawlarǵa juwap beriwi, belginiń dárejesin bildiriw sıyaqlı pikirlerge súengen halda kelbetliktiń mánileri ajıratıladı.

Muǵallim dáslepki sabaqtı oqıwshılardın burın kelbetlik tuwralı alǵan bilimine súene otırıp gúrrińlesiwden baslaǵanı jaqsı 2) Zat degen ne? Qanday zatlardı bilesiz? Usı zatlardıń túr - túsi, belgisi qanday? Bul sózlerdi qaysı sóz shaqabı dep edik? Bul sózlerge qanday sorawlar qoyıwǵa boladı? [2]

Bul sorawlar arqalı gúrrińlesip, ózlerine mısallar taptırıp, muǵallim tiyisli juwmaq isleydi, oqıwshılardıń diqqatın kelbetlik sózlerdiń ózgesheligine awdaradı.

Oqıwshı kelbetlik úyreniwge kiris sabaǵı boyınsha gúrriń ótkergende, olardan kóp nárse talap etilmeydi. Dáslepki shınıǵıwlarda gáp ishinen kelbetlikti tawıp, onı basqa sóz shaqaplarınan ayıra biliw, oǵan durıs soraw qoyıp biliwi hám qanday soz shaqabı menen baylanıslı bolıp keliwin itibarǵa alıw kerek. Ásirese, kelbetliktiń atlıq menen baylanıslıǵın túsindiriw kerek. Ol ushın atlıqtıń grammatikalıq belgilerin eske tusiriw orınlı.

Ádebiyatlar:

1. Насыров Д. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. – Нөкис, Қарақалпақстан, 1981.
2. Tuxliev B. Shamsieva M, Zıyadova. Ózbek tilin óqitish metodikasi. Toshkent, 2006.
3. Naurızbaeva A., Pirimjarova R., Embergenova A., Jalelov S. Ana tili. 4-klass ushın sabaqlıq. – Nókis, Bilim, 2013.
4. Юсупова Б. Ибрайым Юсупов шығармаларынла келбетликтиң стильлик хызмети. – Ташкент, Tafakkur bo‘stani, 2020.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада қорақалпоқ тилида сифатдошни ӯқитиш усуллари ҳақида сӯз боради. Шу билан биргаликда қорақалпоқ тилидаги сифатдошнинг тилимиздаги аҳамияти таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье говорится о методах изучения прилагательных в каракалпакском языке. Наряду с этим анализируется значение каракалпакского прилагательного в нашем языке.

**SUMMARY**

This article talks about methods of studying adjectives in the Karakalpak language. Along with this, the meaning of the Karakalpak adjective in our language is analyzed.